

MODUL DIGITAL

# BAHASA JAWA

KELAS

**VII**

SMT GENAP

## TEMBANG MACAPAT

Karyenak Tyasing Sesama  
(Tansah Agawe Rasa Renaning Sesama)



# Tembang Macapat

## Identitas Penyusun :

Sanjaya Sandy Kusuma	(21020114063)
Rizqika Febriana	(21020114066)
Shelli Lailia	(21020114067)
Kharisma Aulia Nur Azizah	(21020114071)
Nengky Tyasmara	(21020114073)

# ATUR PANGIRING

Puji sokur konjuk ngarsanipun Gusti Inggang Maha Kuwaos awit kanthi berkahipun panyerat saged penganggitan modul digital “Tembang Macapat” kangge para siswa Sekolah Menengah Pertama (SMP)/ Madrasah Tsanawiyah (MTs). Parlu kawuningana, wiwit taun 2022/2023, piwucala Basa Jawi SMP SMP/MTs sampun ginaaken Kurikulu Merdeka Mulok Bahasa Daerah 2013. Kanthi lelandhesan Peraturan Gubernur No.19 Tahun 2014 “Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/Madrasah” kanthi alokasi wekdal 2 (kalih) jam pelajaran saben minggunipun. Kangge njangkepi sarana piwucalan Basa Jawi wonten SMP/MTs wau, panyerat nganggit modul digital ajaran Basa Jawi “Tembang Macapat”punika.

Lumantar modul digital punika, siswa kaajab saged ngasilaken lan ngginaaken teks lan laras kalihan tujuwan lan pungsi sosialipun. Salebeting piwucalan Basa Jawi inggang kanthi lelandhesan teks, pasinaon mboten namung sesambetan kalihan piwucaling teori lan konsep, ananging teks ugi migunani minangka sumber aktualisasi dhiri tumrap soksintena inggang migunaaken bab wau, ing salebeting konteks sosial budaya akademis.

Wonten ebook “Tembang Macapat” menika dipunajib sageda mbiyantu para siswa SMP/Mts anggenipun nglaturi dalah mersudi Basa Jawi. Kajawi punika, murih saged gampil lan lancar anggenipun para dwija memulang dalah nggulawenthah para siswa – siswinipun salebeting piwulangan Basa Jawi. Perlu kawuningana, kajawi ginaake lelandhesan teks, pangrakiting buku menika ugi ginaaken *Project Base Learning*.

Panyerat sampun mbudidaya murih ebook menika saged sampurna, ewa semanten minangka manungsa limrah sarta awit saking winates saha cupeting kawruhipun panyerat, seratan salebeting ebook menika taksih kathah kekiranganipun. Pramila panyaruwe saking pamaos tansah kaantu –antu murih saged damel saenipun ebook menika. Wusanane atur, mugi Gusti Inggang Murbeng Dumadi tansah njangkung lan nyengkuyung pangetrapanipun ebook punika tumrap majeng lan lestarinipun piwucalan Basa Jawi. Nuwun.

Surabaya, 9 April 2023

Panyerat

# DHAPTAR ISI

Capaian Pembelajaran .....	4
Tujuan Pembelajaran .....	5
Pamangun Konteks .....	6
Tegese Tembang Macapat .....	7
Video Titi Laras Gamelan Slendro .....	15
Video Titi Laras Gamelan Pelog Nem .....	16
Video Titi Laras Gamelan Pelog Barang .....	17
Video Titi Laras Macapat Asmarandana .....	18
Video Titi Laras Macapat Pangkur .....	19
Video Macapat Asmarandana .....	20
Video Macapat Pangkur .....	21
Gladhen Mandiri .....	22
Gladhen Kelompok .....	22

# CAPAIAN PEMBELAJARAN



Peserta didik memahami informasi berupa : gagasan, pikiran, pandangan, arahan atau pesan dari berbagai jenis teks deskripsi, narasi, puisi, eksplanasi dan eksposisi (cerkak/cerpen, cerita wayang/topeng dhalang, geguritan/puisi, pacelathon/dha-kandha, **tembang kreasi dan macapat/tembang macapat/laghu kreasi**) yang beraksara latin dan /atau Aksara Jawa/carakan Madhura, teks visual untuk menemukan makna yang tersurat dan tersirat.

(Elemen: Membaca dan Memirsa)



Peserta didik mampu menulis berdasarkan fakta, pengalaman, imajinasi secara indah dan menarik dalam bentuk gancaran/ghancaran, geguritan/puisi serta **tembang macapat/tembhang macapat** menggunakan kosa kata secara kreatif.

(Elemen: Menulis)



# TUJUAN PEMBELAJARAN

1

Melalui kegiatan pembelajaran memirsa video (C), Peserta didik (A) mampu mengidentifikasi pengertian, jenis-jenis dan ciri-ciri tembang macapat (B) dengan tepat (D). (C1-Mengingat)

2

Melalui kegiatan belajar mandiri (C), Peserta Didik (A) mampu menganalisis kaidah umum tentang tembang macapat (B) dengan tepat (D). (C4-Menganalisis)

3

Melalui kegiatan menulis (C), Peserta Didik (A) mampu menulis ulang tembang macapat (B) sesuai paugerannya (D). (P4-Artikulasi)

4

Melalui kegiatan belajar kelompok (C), Peserta Didik (A) dapat melagukan tembang macapat yang telah dibuat oleh guru (B) dengan tepat (D). (P3-Presisi)



# PAMANGUN KONTEKS

Kira-kira tembang macapat iki tembang sing kepiye ya? Yen durung paham, coba jingglengana video sing ana ing ngisor iki!



# TEGESE TEMBANG MACAPAT

## JENIS TEMBANG JAWA



### 1 TEMBANG GEDHE UTAWA SEKAR AGENG

Umumé, sekar ageng digunakake ing sajrone pementasan wayang kulit, wayang wong, kethoprak, lan uyon - uyon. Sekar ageng duweni paugeran mligi sing seje karo tembang liyane. Ing sajrone sekar ageng gunaaake cakepan (lirik) wangsalan lan kasisipan abon - abon minangka wuwuhaning kaendahan sajrone tembang. Anut paugeran sing wis katemtoake. Anane sekar ageng iki wis ana wiwit jaman kraton kuno.

*Tuladhane tembang gedhe:*

Candrakusuma

Kusumastuti

Mauretna

Citramengeng

Tepikawuri

### 2 TEMBANG TENGAHAN ATAU SEKAR MADYA

Sawise sekar ageng, uga ana tembang tengahan utawa sekar madya. Basa sing digunakake sajrone sekar madya luwih terwaca, gunaaake wangsalan, lan kasisipan abon - abon. Sekar madya uga duweni paugeran sing seje karo tembang liyane.

*Tuladhane tembang tengahan :*

Balabak

Girisa

Juru Demung

**3** **TEMBANG MACAPAT ATAU SEKAR ALIT**

Tembang macapata utawa sekar alit minangka jinis tembang sing luwih prasa tinimbang sekar ageng lan sekar madya. Sekar alit utawa tembang macapat duweni basa, wujud, lan panyegahan sing prasaja kanthi kaiket paugeran sing wis ditemtaoke kayata:

1. **Guru gatra**
2. **Guru lagu**
3. **Guru wilangan**

*Tuladhane tembang macapat:*

Kinanthi


Megatruh

Gambuh

Asmarandana

Macapat yaiku tembang tradhisional ing tanah Jawa. Diarani tradisional amarga kaiket dening paugeran guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Saben pada (bait) macapat nduweni baris ukara sing diarani gatra, lan saben gatra nduweni sawetara guru wilangan (suku kata) tinamtu, lan dipungkasi nganggo dhong – dhinging swara sing diarani guru lagu. Macapat tegese maca papat-papat, yaiku carane maca pedhotane saben patang wanda (suku kata). Ananging bab pedhotan kasebut bisa owah anut peranganing teges lan papan panggonan saben wilayah. Maneka warna tatacara anut wilayah kasebut diarani gagrag.





Gagrag macapat ing Tanah Jawa kayata:

1. Gagrag Surakarta
2. Gagrag Yogyakarta
3. Gagrag Banyumasan
4. Gagrag Gresik
5. Gagrag Malangan.

## PAUGERAN TEMBANG MACAPAT

Tembang macapat kalebu karya sastra kang nduweni daya kakuwatan lan kaendahan. Tembang macapat uga minangka salah siji wujud tembang tradhisional ing Tanah Jawa. Diarani tembang tradhisional, amarga kaiket ing aturan/paugeran tartamtu. Paugeran-paugeran jroning tembang macapat, yaiku:

- 1) Guru gatra yaiku cacahing gatra/larik/baris ing saben pada.
- 2) Guru wilangan yaiku cacahing wanda ing saben gatra.
- 3) Guru lagu yaiku tebaning swara ing pungkasaning gatra.

## JENIS-JENIS TEMBANG MACAPAT

Tembang macapat jinise ana 11. Saben jinis tembang macapat duwe paugeran dhewe-dhewe. Kanggo luwih cethane ngenani jinise tembang, guru gatra, guru wilangan, lan guru lagune bisa dideleng ana tabel ing ngisor iki:

No.	Jeneng Tembang	Guru Gatra	Guru Lagu lan Guru Wilangan									
			1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	Maskumambang	4	12i	6a	8i	8a						
2	Mijil	6	10i	6o	10e	10i	6i	6u				
3	Sinom	9	8a	8i	8a	8i	7i	8u	7a	8i	12a	
4	Kinanthi	6	8u	8i	8a	8i	8a	8i				
5	Asmarandana	7	8i	8a	8e/o	8a	7a	8u	8a			

6	Gambuh	5	7u	10u	12i	8u	8o					
7	Dhandhinggula	10	10i	10a	8e	7u	9i	7a	6u	8a	12i	7a
8	Durma	7	12a	7i	6a	7a	8i	5a	7i			
9	Pangkur	7	8a	11i	8u	7a	12u	8a	8i			
10	Megatruh	5	12u	8i	8u	8i	8o					
11	Pocung	4	12u	6a	8i	12a						



### *Macapat Maskumambang*

Maskumambang nduweni watak sedhik lan ati sing nelangsa. Makumambang asale saka tembung "mas" lan "kumambang". Tembung "mas"artine isih durung dimangerteni lanang utawa wadon. Dene tembung "kumambang" artine uripe isih ngambang amarga nggantung menyang ibune nalika isih ing kandhuta.



### *Macapat Mijil*

Mijil nduweni watak sing sifate terbuka. Amarga tembang iki kangge nyampekke nasehat,crita,la asmara. Tembung mijil nduweni filosofi gambaran bentuk saka biji utawa benih sing lair. Dadi,mijil yaiku asal mulane pawongan sing lair ana ing donya.



### *Macapat Sinom*

Tembung sinom nduweni arti tumbuh. Tembung sinom nduweni gambaran pawongan sing wis nginjak dhiwasa.



### ***Macapat Kinanthi***

Tembang kinanthi asal saka tembung "kanthi" sing nduweni teges nggandheng utawa nuntun. Watak tembang Kinanthi yaiku ngenani kabungahan, menehi conto sing apik, nasehat, lan pangerten.



### ***Macapat Asmarandana***

Tembang Asmaranda asal saka tembung "asmara" sing nduweni arti kasmaran. Watak tembang asmarandana yaiku ngenanai katresnan, tresna sing disertani rasa sing sedhik utawa pilu.



### ***Macapat Gambuh***

Tembang "Gambuh" nduweni teges nyambungake. Watak saka Macapat Gambuh yaiku ngenani kekancan/persahabatan. Tembung gambuh digunakake kangge nyampekake crita-crita kauripan.



### ***Macapat Dhandhanggula***

Tembang dhandhanggula asale saka tembung "dhandhang" sing duweni teges panggonan sing legi. filosofi tembang dhandhanggula duweni watak universal lan bisa nembus ning ati. Tembang dhandhanggula nuturake bab bab ngenani kaluwarga sing tansah bahagiya.





### ***Macapat Durma***

Tembang "Durma" nduweni teges ngewenehi. Tembang Durma duweni filosofi sing njlentrehake kauripan kang lagi susah, lan kurang sembarange. Tembang Durma duweni watak teges, keras, lan negesake sipat sing lagi muntab.



### ***Macapat Pangkur***

Tembang "Pangkur" asale saka tembung "mungkur" sing duweni teges ninggalna. Tembang Pangkur njlentrehna kahanan sing ala lan nduduhake yen kita kudu mungkur utawa mundur lan ninggalna bab kang ala kasebut. Tembang Pangkur Duweni watak gagah, kuat, perkasa, kepahlawanan, perjuangan lan peperangan.



### ***Macapat Megatruh***

Tembang Megatruh asale saka tembung "megat" lan "roh" sing duweni teges uculé roh. Filosofi Megatruh yaiku dalane urip manungsa sing wis seda. Ing tembe mburine bakale pedot saka ragane lan ing wektu iku manungsa ngedep Gusti Inkgang Maha Mirah. Tembang Megatruh duweni kesusahan. Tembang iki nggambarake watak kang putus asa lan kelangan harapan.



### ***Macapat Pocung***

Tembang Pocung asale saka tembung "pocong" sing nuduhake kahanan pawongan sing wis seda, pawongan kui dibungkus karo kain kafan utawa bisa disebut pocongan. filosofi tembang pocong nuduhake ritual kanggo ngeculake pawongan sing seda yaiku nganggo upacara pemakaman. watak tembang pocung yaiku ngenani kebebasan lan kalakuwan sing sakarepe dewe. Tembang Pocung bisa digawe nyeritakake guyonan lan saperangan pituturan.

## CARA GAWE MACAPAT SING APIK

1. Nemtokake tema tembang macapat
2. Nemtokake jinise tembang macapat
3. Mangerteni paugeraning tembang macapat
4. Nyusun ukara sing endah cundhuk karo paugerane jinis tembang macapat sing dipilih

(Guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu)





## CARA NEMBANGNE MACAPAT SING APIK

Supaya bisa nglagokake tembang macapat kanthi apik, lumrahe kudu ngerteni bab-bab, kayata:

1. Nguwasani tembang, amarga jinise tembang macapat iku ana 11, sajroning nembangake tembang saben pupuh beda jinis tembange.
2. Kudu mangerteni watake tembang.
3. Mangerteni guru wilangan lan guru lagu saben tembang macapat.
4. Kudu mangerteni tegese tembung utawa makna bahasa sing diwaca ing tembang.
5. Nguwasani lan mangerteni dununging adhegan, aja nganti mancah sawijining tembung.
6. Yen ana amiwiti nembang gumantung wates tebaning swarane dhewe-dhewe aja nganti mblero kendheken utawa kedhuwuren.
7. Mangerteni lan nguwasani ngenani tempo jroning macapat, aja kendheken utawa kedhuwuren, kira-kira padha ukarane kaya maca gancaran. Antarane saben seleh lan saben amiwiti nembang aja kesuwen utawa kecepeten.





## *Titi Laras Gamelan Slendro*





## *Titi Laras Gamelan Pelog Nem*







## *Titi Laras Gamelan Pelog Barang*







## *Titi Laras Macapat Asmaradana*







## *Titi Laras Macapat Pangkur*







## *Macapat Asmarandana*





## *Macapat Pangkur*



## Gladhen Mandiri

Sakuwise nyinaoni babagan materi tembang macapat saka wiwitan nganti pungkasan sampeyan kabeh mesthine wis mangerteni ngenani tembang macapat lan cara nembangake. Saiki ana gladhen mandiri sing kudu sampeyan garap kanggo weruh sapira ngertine sampeyan kabeh ngenani materi tembang macapat iki.

Bukaken kahoot lan garapen kuis ing ngisor iki kanthi mandiri!



<http://www.kahoot.it>

GAME PIN :

**855 0982**



## Gladhen Kelompok

Sakuwise nyinaoni babagan materi tembang macapat saka wiwitan nganti pungkasan sampeyan kabeh mesthine wis mangerteni ngenani tembang macapat lan cara nembangake. Saiki ana gladhen kelompok sing kudu sampeyan garap bebarengan.

Wacanen lan lakonana prentah-prentah ing ngisor iki kanggo nggarap gladhen kelompok!

1. Gawe kelompok sing saben kelompok isine 4 bocah! (kudu ana bocah lanang lan wadon saben kelompok)
2. Jinglyngana lan delengen maneh tembang asmaradana lan pangkur sing ana ing modhul dhigital!
3. Banjur pilih salah siji saka tembang asmaradana lan pangkur sing arep koktembangake bareng kelompokmu! lan tulisen maneh titi laras lan cakepan tembang sing kok pilih ing bukumu!
4. Gladhena bareng kelompokmu ngenani tembang sing wis kok pilih!
5. Gawe vidheo rekaman nembangake tembang sing wis kok pilih bareng kelompokmu!
6. Vidheo digawe landscape kanthi format file mp4, resolusi minimal 720p, lan gedhene file ora luwih saka 500 Mb.
7. Kumpulna vidheo rekamanmu ing drive iki



[https://drive.google.com/drive/folders/1WLidV3lV7l2\\_3oSA2hcg0019b2Hefaz\\_](https://drive.google.com/drive/folders/1WLidV3lV7l2_3oSA2hcg0019b2Hefaz_)



8. Deadline ngumpulake vidheo rekaman yaiku 2 minggu sakuwise gladhen kelompok iki ditugasake!

MODUL DIGITAL

# BAHASA JAWA



# TEMBANG MACAPAT

Karyenak Tyasing Sesama  
(Tansah Agawe Rasa Renaning Sesama)